

Pwobyotik ak Anterokolitis Nekwozant

Sa Paran yo dwe konnen

Kisa ki anterokolitis Nekwozant (NEC)

Anterokolitis Nekwozant (NEC) se yon maladi entestinal potansyèlman mòtèl ki rive prensipalman kay ti bebe prematire, dabitid ant 2 ak 8 semèn laj. Ti bebe ki fèt nan tèm konplè ki gen konplikasyon sante tankou maladi kè konjenital, yo gen yon risk wo tou pou gen NEC. NEC lakoz yon pwosesis enflamasyon ki mennen yon andomajman entestinal ak menm lanmò. Anpil ti bebe ak NEC bezwen entèvansyon chirijikal pou retire entesten malad lan. Ti bebe ki siviv a NEC ka eksperyans pwoblèm a lon tèm ak konvalesan konpòtman, fonksyon miskilè, ak yon fonksyonman entestinal fèb.

Prevansyon NEC an pi pito pase nenpòt trètman ki disponib yon fwa ke maladi an rive.

Pandan ke to NEC an varye de lopital a lopital, li esansyèl pou tout paran yo okouran de maladi an ak estrateji prevansyon ki pi efektif.




Kijan nou ka redwi risk NEC?



- Lèt tete manman ti bebe an se fason pi enpòtan pou ede redwi risk NEC
- Si lèt manman pa disponib, lèt donatè pasterize se pwochen bon opsyon pou ti bebe prematire yo.
- Bay ti bebe prematire yo pwobyotik ansanm ak lèt tete, ka redwi risk NEC.

Kisa pwobyotik yo ye?

Pwobyotik yo se mikro òganism vivan ke, lè yo administre yon kantite ki ase, li bay pòtè an yon benefis sante. Pwobyotik yo idantifye pa janr, espès ak deziyasyon souch, epi diferan souch pou menm espès lan ka gen efè diferan. Pwobyotik yo sipòte devlopman mikrobjøt entestinal ti bebe ou an, ki se yon mwayen enpòtan pou kenbe lasante.



Kisa etid yo montre konsènan pwobyotik yo ak NEC?

- Kèk pwobyotik ka redwi risk NEC kay ti bebe prematire yo.
- Lè yo bay ti bebe prematire yo li pwofilatikman, yo demontre ke kèk pwobyotik redwi risk enfeksyon ak menm lanmò.
- Gen diferan tip (souch) pwobyotik, ki diferansye nan efikasite yo.

Ki risk ki genyen nan bay ti bebe mwen an pwobyotik?



Gen risk ak benefis nan chak trètman. Daprè etid syantifik yo, ta sanble ke avantaj ki genyen lè yo bay pwobyotik yo depase risk ptansyèl yo. Nan sitiyasyon ki ra, pwobyotik bakteri ka al nan san epi lakoz enfeksyon, sepandan enfeksyon sa yo ka fèt akòz lòt bakteri nan entesten an tou. Si ti bebe yo devlope yon enfeksyon nan san akòz de bakteri pwobyotik lan, yo ba yo antibyotik pou tiye bakteri pwobyotik lan. Lè sa rive, enfeksyon yo ale nòmalman ak trètman.

Kijan paran ak ti bebe ki gen risk pou gen NEC ka plede pou timoun yo an?

- Mande medsen timoun ou an ransèyman konsènan politik NICU an ak itilizasyon rasyonèl pwobyotik yo.
- Ou se yon pati enpòtan nan ekip swen ti bebe ou an. Poze kesyon ak pataje panse ou yo.
- Aprann plis sou an anterokolitis nekwozant sou sit [NECsociety.org](https://www.nec-society.org)



Pou plis enfòmasyon vizite [ISAPPscience.org](https://www.isappscience.org) oswa swiv nou sou Twitter [@ISAPPscience](https://twitter.com/ISAPPscience)